7. Langran, John & Purcell, Sue (1994). “Language Games and Activities”
8. Steve Sugar (1998). “Games That Teach”. -San Francisco:
9. Uberman, A. (1998) “The use of games for Vocabulary Presentation and Revision”.

**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада бошланғиш синфларда чет тилини ўқитиш жараёнида ўйин методларининг аҳамияти, масалалари таҳлил қилинган. Зеро, ёш хусусиятини инобатга олган ҳолда чет тилига ўргатишда ўйин методларидан таълим жараёнининг турли босқичларида фойдаланиш мумкин.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются игровые методы в процессе обучения иностранным языкам в начальных классах, поскольку, данный метод можно использовать на любой ступени обучения иностранному языку с определённой адаптацией для каждого возраста. Использование различных игровых приёмов на уроках способствует формированию дружного коллектива, росту коллективного знания иностранного языка в классе.

**SUMMARY**

The article deals with the methods of using games in the process of teaching foreign languages in elementary schools. The given methods are possible to use on any step of teaching a foreign language. The use of different games at the lesson promotes to the creation of the friendly atmosphere, growth of collective knowledge in the classroom.

## ПСИХИКАЛЫҚ ЖАҚТАН АРТТА ҚАЛҒАН БАЛАЛАРДЫҢ ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**З.Ш.Шеримбетова –** *психология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** психология, психик ривожланиш, коррекцион ишлар, психика, хотира, хулқ-атвор, психологик хусусиятлар.
**Ключевые слова**: психология, психическое развитие, корекционные работы, психика, память, характер, психологические особенности.
**Key words:** Psychology, psychical development, correctional works, Psychics, memory,character, psychological features.

Балаларда психикалык раўажланыўдын артта калыўынын айркша өзгешеликлеринен бири – баланын психикалык хәрекетинин кәлиплесиўинин нормада емеслиги. Инфантильли балалар өзинин катарларынан артта калыўы менен бирге, олардын ойлары, пикирлеўлери де туракcыз болады. Олардын мий кәбилети де кун даўамында өзгереди. Айырым ўакытлары сабактын акырында шаршаў жузеге келеди. Бул балаларға тән өзгешелик дыккатынын хәлсизлиги, айырым балаларда ис — хәрекетинин басында дыккаты жокары болады, ал кейин ала төменлей баслайды. Узак муддетли есте саклаўы менен кыска муддетли есте саклаўынын төменлеўи, есте саклаўынын бир кәлипте емеслиги, сондай – ак акылый активлигинин төменлеўи – бул категориялардағы балаларға тән өзгешеликлер [3:46].

Психикалық раўажланыўдың артта қалыўы ҳәр түрли дәрежеде характерленеди. Жеңил түринде балалар әпиўайы улыўма билим бериў мектеплеринде, аўыр жағдайларда арнаўлы билим беретуғын мектеплерде ямаса мекемелерде оқытылады.

Балалар қандай да бир тапсырманы орынлаўда үлкенлердиң жәрдемине сүйенеди. Үлкенлер жәрдемине зәрүрлик, ис — ҳәрекеттиң нәтийжесин орынлаў, оны уқсас ҳәрекетлерге үйретиў нәтийжесинде психикалық жақтан раўажланыўдан артта қалған балаларды ақылы зайыл балалардан ажыратыўға болады.

Балаларда ис —ҳәрекеттиң турақсызлығы ҳәрекет–координациясының жеткиликсизлиги менен режимге бойсына алмаўшылығы болса да, бундай балалардың басым көпшилиги дене шынықтырыў пәни менен спорт ойынларын жақсы көреди. Олардың психикалық раўажланыўындағы жоқарғы мүмкиншиликлердиң бар екенлигин, дүзетиў жумысларын шөлкемлестириўди атап өтиў орынлы.

Психикалық раўажланыўдың артта қалыўларына байланыслы өз пикирлерин усынған М.С.Певзнер, Т.А.Власова баланың эмоционаллық ерк сфераларының қәлиплесиўине көп кеўил бериў менен бирге, нейродинамикалық бузылыўлардың жеке характеристикасына да айырықша итибар қаратты. Соған сәйкес, психикалық раўажланыўы артта қалған балалардың характеристикаларының тийкарын анықлап, яғный ол психикалық және психофизикалық инфантилизм түриндеги анықланатуғын және ерте балалық ўақыттағы орайлық нерв системасының зақымланыўынан, оның организминиң астениялық, церебрастениялық жағдайларға ушырайтуғынлығын анықлаған [1].

Ҳәзирги ўақыттағы ең тийкарғы мәселелердиң бири-ол оқыў процесиндеги балалардың раўажланыўындағы артта қалыўларды дифференциаллы изертлеўдиң мазмуны болып отыр. Раўажланыўында артта қалған балаларды оқытыў менен тәрбиялаўда, олардың потенциаллық мүмкиншиликлерин айтып, баладағы кемшиликлерди толық компенсациялаўға, дүзетиўге болады.

Ҳәзирги изертлеўлерге қарағанда, тәртип бузыўға ең биринши түртки болған жағдай баланы тиккелей тәртипсизликке әкелмейди, дәслеп уўайым қайғыға ушыратады да, ол қайғы баланы агрессивликке алып келеди. Тәртип бузыў соннан пайда болады. Тәртип бузыўшылықтың келип шығыўының тийкары – сабаққа үлгере алмаўшылық. Айырым оқыўшы қатарларынан сабақта артта қалып қойып, тәртип бузыўын өзинше батырлық деп есаплайды. Бул, ҳәрекетин, басқалардың көзи алдында көрсеткиси келеди. Бул көбинесе баланың минез-қулқының дурыс тәрбияланбаўынан келип шығады. Бирақ, усындай болған жағдайда да, тәртипсизликти баланың бойына сиңип кеткен әдет деп, барлық себепти оннан излеў қәте. Өйткени, тәртип бузыў тек өзине ғана байланыслы емес, оның үй ишиндеги жағдайларға да, айтайық, ата – ана бирлигиниң жоқлығына, және баласына қойған талаптың ҳәр түрли болып келиўине байланыслы. Бала жақсы психологиялық жағдайда тәрбияланыўы, оқыўы, раўажланыўы зәрүр. Сонда балада унамлы «мен» қәлиплеседи, өзине деген исеним пайда болады. Бундай «мен» баланың жақсы жағдайда, нәтийжеге ерисиўине, дурыс раўажланыўына мүмкиншилик береди.

Психологиялық – педагогикалық изертлеўлерде бала минез – қулқының бузылыўы мәселеси изертленгени менен, бир қәлипте раўажланған бала минез – қулқының унамсыз түрлериниң себеплери илимде изертленбекте. Киши мектеп жасындағы балалардың аффектив минез – қулқына характеристика бере отырып, психологиялық анализ жасайды. Бундай балалардың минез – қулқына өкпелегишлик тән болып, олар басқа балалар менен урысып, қырсықлық ескертиўлерине тез иренжип қалады. Бундай минез – қулық оның еле қәлиплеспеген өзара қарым – қатнаслардың себебинен пайда болады деген жуўмаққа келеди [1:22].

Балалардағы ҳәр қыйлы унамсыз минез – қулықларға орайлық нерв системасының әҳмийети орын ийелейди екен. Унамсыз қылықлар, соған сәйкес минез-қулықларының еркелик, қайсарлық, эмоционаллы турақсызлық түриндеги қылықлары басым балалар ды үйрениўди атап көрсетеди.

Тәрбиясы қыйын балалардың келип шығыў себеплериниң бири – балаларын оқытыўда, тәрбиялаўда ата – аналардың жуўапкершилик сезиминиң жоқлығы бала минезинде мийримсизликти, яғный өзимшилликти пайда етеди.

Екинши себеп – бул үйдеги сәтсизлик, спиртли ишимликлерге берилип кеткен шахслардың бар екенлиги, урыс – төбелес, урлық, ата – аналардың және басқа шаңарақ ағзаларының жеңил минез – қулқы, ал бәринен

жаманы – ажырасыў, некениң бузылыўы.

Егер әке спиртли ишимликке берилип кеткен болса, мектепке шекемги жастағы балалар невроз, жийи эпилепциядан азап шегеди, олардың ақыл–ойы кеш раўажланады. Бундай балалар тынымсыз, ашыўшақ болады. Ҳәр бир ата – ана күш қәбилетинен пайдаланып, балаларға мийримли минези менен тәсир етиўи керек.

Үшинши себеп – ул балаға жеткиликсиз кеўил аўдарылады. Айырым шаңарақта баланың ишки дүньясын, тилеклерин, ойларын, қайғысын қоршаған орталыққа қатнасын жетик биле бермейди.

Төртинши себеп – бул класс басшыларының тәрбия жумысларындағы кемшиликлери. Тәрбиясы қыйын балалар бойынша класс басшыларының ис-ҳәрекети көпшилик жағдайда айырым жумыслар менен ғана шекленеди. Олар: сәўбет өткериў, класс және оқыўшылар жыйналысларында талқылаў, оқыўшылардың ата – аналарын мектепке шақырыў. Бундай әпиўайы және аңсат жумыслар бойынша тәрбиясы қыйын балаларды ҳәр–тәреплеме билиў мүмкин емес.

Дүнья илимлери имканияты шекленген балалардың шаңарағында тәрбияланыўының әҳмийети үлкен екенлигин дәлиллеп береди. Шаңарақ пенен билим бирин – бири толықтырып, тәрбиялаўы олардың жәмийетлик пайдалы хызметке тез бейимлесиўин, кәнигелик таңлаўға әҳмийети үлкен екенлигин дәлиллейди. Сондай-ақ, бундай ҳәлсиз балалардың ҳуқықы халықаралық нызамлықлар менен қорғалған. Имканияты шекленген балалардың тәрбиясы бир – бирине қарама – қарсы еки топарға бөлинеди. Биринписи – «шетлетилгенлер», яғный ата – анасы баланы ҳәр–тәреплеме материаллық жағынан толық қамтыйды. Ал, оның ишки дүньясына, руўхый зәрүрликлерине итибар қаратпайды. Айырым ўақытлары баланы жазалайды. Бундай шаңарақтағы балалардың кеўили суўып, исенимсизлик пайда болады. Буннан келип шығып балалардың тилиниң раўажланыўында, тәрбиясында депрессияға тән көринислер пайда болады. Психологиялық жақтан кемситилиў баланың интеллектуаллылығына кери тәсирин тийгизеди, билим дәрежесин пәсейтеди. Екинши бир жағдай – баланы ҳәдден тыс ғамхорлыққа алыў. Ата-аналар бала алдындағы «айыбын» сезинип, оны дым бос услап еркелетеди, ҳәр бир илтимасын орынлаўға тырысады. Бундай атмосферада тәрбияланған бала өз — өзине исеними жоқ, ҳәлсиз болып өседи. Бундай балалар раўажланыў жағынан түрли қыйыншылықларға дус келеди.

Баланың өсип-раўажланыўына шаңарағындағы бир қәлиптеги жағдайдың тәсири жүдә үлкен. Сондай–ақ, олардың дослары менен араласыўының өзи де үлкен әҳмийетке ийе. Бундай жағдайда ата-аналар имканияты шекленген балаға жақыннан жәрдем бериўи тийис. Сонлықтан, имканияты шекленген бала дүньяға келген жағдайда оның тәрбиясына шаңарағының ҳәр бир ағзасы жуўапкер. Өйткени, бундай балалардың шаңарағында көплеген машқалаларды өзи менен бирге алып келеди. Баланың өз теңлеслеринен артта қалыўы, ҳәдден тысқары ғамқорлық, оған аянышлы көзқарас пенен қараўдың өзи олардың жәмийетке бейимлесиўине кери тәсирин жасайды [2].

Балалардың ақыл–ойының раўажланыўындағы жеңил артта қалыўлар «психикалық раўажланыўдың тоқтап қалыўы» деп аталатуғын термин менен характерленеди. Бул жағдайдың тийкарғы себеби, бала мийиниң ҳәлсиз түрдеги органикалық зыянланыўы ямаса туўма болған жағдайлар болып есапланады. Соның менен бирге раўажланыўдан тоқтап қалыўы, жоқары нерв системасының кеселликлери менен кеселлениўи соматикалық жағдайлар менен, бас мийдиң жарақатланыўы менен, эндокринлик системасының бузылыўы менен байланыслы болыўы итимал.

Мектеп оқыўшыларының раўажланыў өзгешеликлерин түсиниў ушын, Л.С.Выготскийдиң – шахс раўажланыў процесиндеги күшли тәсир менен ақыл – ойының өз ара байланысы менен өзара тәсири ҳаққындағы изертлеў жумысы жүдә әҳмийетли болып табылады. Бул баланың ақыл – ойы менен күшли тәсир арасындағы қарым – қатнас, оның ис — ҳәрекет түри және мазмуны шахстың психикалық тараўдан педагогикалық тараўға өтиўи ўақтында дурыс, унамлы өзгешеликлериниң жеңил қәлиплесиўине мүмкиншилик береди. Яғный ақыл – ойы артта қалған мектеп оқыўшыларының шахслық қәсийетлери актив бағытта раўажланыў мәселесине аўысады. Психикалық раўажланыўдан артта қалған балалар минез – қулқы менен шахсын изертлей отырып, олардың дүзилисиндеги сақланған компонентлерди ашыўға мүмкиншилик береди. Усыған сүйене отырып, әҳмийети бар өзгешеликлердиң қәлиплесиўи менен оның раўажланыўы және минез – қулқының турақлылығы ушын керекли жумысларды, соның менен бирге тәрбиясы қыйын балалар менен ақыл – ойы артта қалған оқыўшылардың минез – қулқын дүзетиў – тәрбиялаў илажларын шөлкемлестириўге болады [3:28].

Дефектологлардың, яғный Л.С.Выготский, И.М.Соловьев, Л.В.Занков, В.И.Лубовский, Л.В.Викулова, Н.Г.Морозова, В.И.Пинский, Н.Л.Коломинскийлердиң экспериментал изертлеўлеринде психикалық раўажланыўы артта қалған балалардың шахсын раўажландырыў өзгешеликлериниң айырым тәреплери қамтып алынған. Бул берилген мәселениң қурамалылығы ҳәм ҳәр тәреплеме оның толық жетилиспегенинин, ҳәзирги ўақытта оның әҳмийетлилигин айтып өтеди.

Психикалық раўажланыўы артта қалған балалардың ҳәр түрли минез-қулқының себеплери менен дәрежеси ҳәр түрли болады. Усыған байланыслы психикалық раўажланыўдан артта қалған балалар ҳаққында психологиялық-педагогикалық характеристика дүзиў қыйыншылық пайда етеди. Олардың зейниниң төменлиги, гиперактивлик, есте сақлаўының төменлеўи, ойлаў процесиниң төменлиги, минез-қулқын ретлестириўдиң өзи де қыйыншылық туўдырады. Соның ушын бундай балаларға ўақтында жәрдем бериў үлкен әҳмийетке ийе есапланады.


**Әдебиятлар**

1. Кузнецов Л.В.Особенности мотивационно – волевой готовности детей С ЗПР к школьному обучению. // Дефектология. 2005, №4.
2. Назарбаев.Н.А. Мүмкіндігі шектеулі балалардың құқықтары және оларды қамтамасыз ету заңы. –Астана: 11 шілде. 2002.
3. Павлиший Т.Н. Исследования особенностей познавательный деятельность у детей с задержкой психического развития. // Дефектология. 2006, №4.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада психик тараққиётда орқада қолган болаларнинг психологик хусусиятлари бўйича тушунчалар ёритиб берилган. Муаммонинг тадқиқотчи олимлар томонидан ўрганилганлигининг қисқа таҳлили берилган. Улар билан олиб бориладиган психокоррекцион ишлар баён этилган. Булардан ташқари амалга ошириладиган ишлар бўйича мактаб ўқитувчиларига қатор тавсиялар ҳам бериб ўтилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются психологические особенности детей с отклонениями в психическом развитии. Даётся краткий анализ проблемы учёными психологами. Описываются коррекционные работы, проводимые ими. Кроме того даются рекомендации учителям школ.

**SUMMARY**

In the article are considered psychological features of children with deviations in mental development. There is given the short analysis of the problem by the scientists psychologists. The psycho correctional works, carried out by them are described. Besides, the author gives recommendations to the teachers of schools.